

Abanywanyi ba Medicaid i Wisconsin

# Bandanya uronka uturusho mu buvuzi

(Wisconsin Medicaid Members  
Keep Your Health Benefits)



Iyo uronse uturusho mu buvuzi i Wisconsin (nka BadgerCare Plus, Medicaid, canke MAPP), utegerezwa kwongera igihe **c'ukwemererwa kwawe rimwe mu mwaka.**

## Ni iki wokwitega mu mwanya wo kwongera igihe

1



Tuzokurungikira ubutumwa nko mu gihe c'indwi zibiri imbere y'ukwezi kwo kwongera igihe. Nk'akarorero, iyo ukwongera igihe kwawe gutegekanijwe muri Gitugutu, tuzokurungikira imenyeshya mw'iposita mu kwezi kwa Nyakanga hagati. Ongerera igihe buno nyene ukimara kuronka ubutumwa bwacu kugira wirinde uguhagarikirwa ibikorwa.

2



Urashobora gukenera guhindura amakuru dufise muri dosiye. Muri aya harashobora kuba harimwo amakuru yerekeye urugo rwawe, amafaranga winjiza, hamwe n'ukwitegekaniriza. Urashobora gusabwa gutanga ivyemezo hanyuma.

3



Ishirahamwe rikwegereye rizosuzuma ukwongera igihe kwawe hanyuma rikurikirane mu gihe rikeneye ayandi makuru. Hanyuma, uzoronka ikete rikubwira nimba uturusho twawe twahindutse.

## Ukwuzuzwa ukwongera igihe

- Ubujyho bwihuta bwo kwunguruza igihe ni ku ngurukanabumenyi uciye muri konte yawe ya ACCESS. Injizamwo canke utanguze konte kuri [access.wi.gov](https://access.wi.gov).
- Mu kwongera igihe ukoresheje ubutumwa bw'iposita, uzuzwa hanyuma uzane ikete jyawe risaba kwunguruza igihe.
- Urashobora kwongera igihe uciye kuri terefone canke uhishikiye uciye mw'ishirahamwe rikwegereye. Rondera ishami ryacu rikwegereye kuri [dhs.wi.gov/im-agency](https://dhs.wi.gov/im-agency).
- Ja kuri [dhs.wi.gov/renew](https://dhs.wi.gov/renew) mu gihe ushaka ayandi makuru.



Mu gihe ucerewe kwuzuzwa iyongera gihe, uturusho twawe tuzohagarikwa. Umuhinga atishugwa yogufasha kwuzuzwa iyongera gihe yawe canke mu kuronka utundi turusho araboneka kuri [WisCovered.com](https://WisCovered.com). Canke, wakure **211** kugira uronke uwukwegereye.

# Ibibazo n'inyishu kwiyongera gihe

## Kwunguruza igihe ni iki?

Iyo wasavye kwemererwa uturusho ubwa mbere, uratanga amakuru yerekeye ibintu nk'urugo, amahera winjiza, hamwe no kw'itegekaniriza. Mu kugira barabe ko ushobora kubandanya uronswa uturusho, urakeneye kubandanya utanga ayo amakuru mashasha buri mwaka. Iki gikorwa citwa ukwongera igihe.

## Ni ryari nunguruza igihe?

Uhabwa itariki ntarengwa yo kwakira uturusho wemerewe. Tugerageza kubishira ku rutonde gwiza rushoboka ariko hari igihe bidahura. Itariki yawe ntarengwa uyisanga kuri konte yawe ya ACCESS. Injira kuri [access.wi.gov](https://access.wi.gov) canke koresha MyACCESS app. Ukaba udafise konte, yugurure kuri [access.wi.gov](https://access.wi.gov) kugirango ubashe kujera uturusho twawe mugihe icarico cose aho uri hose.



## Ni iki kibandanya?

Tuzokurungikira amakuru ku ngurukanabumenyi yawe, inyuma y'indwi zibiri. Ayo makuru azokubwira ivyo wemeza canke uhindura kugira ngo turabe ko ukwiriye guhabwa ubusabe bwawe. Ayo makuru uzoyasanga kandi kuri konte yawe ya ACCESS.

## Mugihe nibaza ko ari ntabikwiriye, ni kuki nsabwa kongera igihe?

Twoguhanura kuzuzwa ubusabe bwawe kugira ngo turabe ko wujuje ibisabwa. Hari ivyiza vyinshi ubonera muri izo nzira zo kwuzuzwa ubusabe. Akarorero, abana bawe babandanya baronka utwo turusho naho wewe woba utujuje ibisabwa.

## Bigenda gute iyo ntunguruje igihe hakiri kare?

Mu bihe bimwe na bimwe, urashobora kwongera igihe ucerewe gushika ku mezi atatu inyuma y'ukwezi kwo kwongera igihe. Suzuma kw'ishirahamwe rikwegereye kugira urabe ko ivyo bishoboka. Mu gihe bidashoboka, akuri kuri **211** canke uje ku rubuga rwa [WisCovered.com](https://www.wiscovered.com) kugira uronke ubufasha bwo kurondera iyindi nfashanyo.

## N'iki kindi nkeneye kumenya?

Ntutevye kwitabwaho mu buvuzi! Ushobora kuronka ubufasha mugihe cose ugifise uturusho. Akarorero, BadgerCare Plus, ushobora kwikingiza, kwivuza hamwe no guhabwa imiti. Urashobora kandi no gufashwa kwita ku magara yo mu mutwe.